



ENFÒMASYON BRÈF SOU

Opsyon Asirans NY State of Health Pandan Kriz Kowonaviris la

Ou merite swen sante ki abòdab.

NY State of Health se Mache ofisyèl plan asirans sante New York.

Enskri jodi a.



Sou entènèt nan nystateofhealth.ny.gov



Nan telefòn nan nimewo
1-855-355-5777
Telefòn Tèks:
1-800-662-1220



Antre an kontak ak yon
Asistan Enskripsyon nan
info.nystateofhealth.ny.gov/findassistor

NY State of Health konfòme li ak lwa Federal konsènan dwa sivik ak lwa etatik ki anvigè epi li pa fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans/relijyon, laj, sèks, eta sivil/sityasyon familyal, kazyè jidisyèl, kondanasyon penal, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon jenetik, sityasyon militè, sou baz viktim vyolans nan kay epi/oswa vanjans.

NY State of Health la pou ou. Nou pran angajman pou ede w jwenn asirans ou bezwen pou w kapab jwenn swen ou bezwen.

Si Ou Pa Gen Asirans:

- Tout moun ki pa gen asirans sante dwe **aplike kounya** gras a NY State of Health.
- New York louvri yon peryòd enskripsyon espesyal "sikonstans eksepsyonèl" pou tout moun ki pa gen asirans pou yo aplike pou asirans Qualified Health Plan.
- Enskripsyon louvri pou tout Pwogram NY State of Health: Medicaid, Essential Plan, Child Health Plus, ak Qualified Health Plans.

Si Ou Pèdi Travay ak Asirans Sante Ou:

- Si ou pèdi asirans sante patwon w lan te ba ou a, **aplike kounya** gras a NY State of Health.
- Ou kapab kalifye pou yon asirans gratis oswa ki a ba pri nan Medicaid, Essential Plan, Child Health Plus oswa ou kapab kalifye pou yon Qualified Health Plan avèk kredi enpo.
- Pou kapab jwenn plis enfòmasyon, rele nou, vizite sitwèb nou an oswa pale ak yon asistan enskripsyon.
- Aplike apati Mache a nan 60 jou aprè w fin pèdi asirans sante patwon w lan.

Opsyon Asirans NY State of Health Pandan Kriz Kowonaviris la

Si w benefisye Asirans NY State of Health, men Sitiyasyon w Chanje:

- Tout moun ki sibi yon chanjman nan revni l, nan travay oswa lòt evènman majè nan lavi kapab kalifye pou yon èd finansye ki ta ka redui kòb l ap peye yo. Mete enfòmasyon konsènan kont ou ajou depi jodi a- anliy oswa lè w rele yon asistan enskripsyon.
- Y ap pwolonje dat renouvèlman tout moun ki enskri nan Medicaid, Child Health Plus oswa Essential Plan ki dwe renouvle asirans yo ann avril oswa me 2020 pou kat (4) mwa.
- Moun ki enskri nan asirans ki sibvansyone oswa ki pa sibvansyone nan Eta New York kapab gen plis tan pou peye prim yo dwe pandan peryòd ijans sante piblik la. Pou jwenn plis enfòmasyon sou peryòd gras sa yo, ale sou [Department of Financial Services \(Depatman Sèvis Finansye\)](#) ak [NY State of Health](#).

Ou Kapab Aplike nan Twa (3) Fason:

1: Enskri Apati Sitwèb Nou an: nystateofhealth.ny.gov

- Vizite nou anliy epi kite nou ede w jwenn yon plan swen sante k ap bon pou ou.

2: Enskri pa Telefòn avèk yon Asistan Enskripsyon

- Gen plizyè milye asistan enskripsyon ki pare pou ede w nan tout Eta a. Klike sou youn nan lyen pi ba yo pou w jwenn youn:
 - [Jwenn yon Navigatè isit la](#)
 - [Jwenn lòt Asistan Enskripsyon isit la](#)

3: Enskri pa Telefòn avèk Sèvis Kliyantèl: 1-855-355-5777

**W ap jwenn plis nouvo enfòmasyon sou Nouvo Kowonaviris la [isit la](#).
Verifye ankò pou w rete enfòme.**